


BAB III

PADIKA PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan metode panalungtikan anu di antarana (1) desain panalungtikan, (2) sumber data jeung data panalungtikan, (3) téhnik ngumpulkeun data, (4) pakakas panalungtikan, jeung (5) téhnik ngolah data.

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa bagan anu eusina tahapan panalungtikan ti mimiti tatahar nepi ka nyusun laporan atawa kacindekan. Desain anu dipaké dina ieu panalungtikan digambarkeun dina bagan di handap.




Bagan 3.1
Desain Panalungtikan

Sugiyono (dina Agustina, 2024, kc. 76) nétélakeun yén métode panalungtikan mangrupa cara ilmiah pikeun nyangking data kalawan udagan sarta mangpaat anu tangtu. Ku kituna, dina ieu panalungtikan, data anu dicangking kudu nyoko dumasar kana métodena, sangkan hasil dina ieu panalungtikan luyu jeung kaayaan anu sabenerna.

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan campuran atawa *mixed methods*. Cresswell (dina Iqbal, 2021) nétélakeun yén pamarekan panalungtikan campuran nyaéta panalungtikan anu ngadumaniskeun antara panalungtikan kualitatif jeung panalungtikan kuantitatif. Dina pamarekan campuran (*mixed methods*) aya sababaraha stratégi, ieu panalungtikan ngagunakeun stratégi *embedded konkuren*. Dina ieu stratégi aya pamarekan primér, jeung pamarekan sékundér. Pamarekan primér nyaéta kualitatif anu digunakeun pikeun ngadéskripsikeun objék panalungtikan kaasup ngama'naan data panalungtikan anu kapaluruh. Sedengkeun pamarekan kuantitatif nyaéta sékundér, digunakeun pikeun ngolah jumlah data anu kapaluruh. Tujuan tina ieu métode nya éta pikeun ngadéskripsikeun wanda jeung wujud campur kode sarta ngolah jumlah wanda jeung wujud campur kode nu kapanggih dina akun Tiktok @situkangdahar_ (Mang Epul).

Alur panalungtikan mangrupa léngkah-léngkah ngalaksanakeun panalungtikan ti mimiti nepi ka ahir. Anapon léngkah-léngkah panalungtikan (Arikunto, 2010) di antarana:



Bagan 3.2
Alur Panalungtikan

3.2 Sumber Data jeung Data Panalungtikan

Sumber data nyaéta asal tina data panalungtikan nu dipaluruh. Data minangka objék panalungtikan sacara umum nyaéta informasi atawa basa nu disadiakeun ku alam tuluy dikumpulkeun jeung dipilih ku panalungtik (Sudaryanto, 2015). Dumasar kana judul panalungtikan, data anu ditalungtik nyaéta campur kode dina akun Tiktok @situkangdahar_ (Mang Epul), sedengkeun nu jadi sumber datana nyaéta vidio Tiktok nu dijieun ku @situkangdahar_ (Mang Epul).

Sugiyono (2017) nétélakeun yén sampel data panalungtikan bagéan tina populasi nu jadi sumber data panalungtikan, anu mana populasi mangrupa bagéan tina jumlah karakteristik nu miboga populasi éta sorangan. Dina nangtukeun jumlah sampel data nu digunakeun Sugiyono (2017) méré saran patali jeung ukuran data dina panalungtikan nyaéta 1) antara 30-500, 2) upama data dibagi kana sababaraha katégori, jumlah unggal katégori minimal 30, 3) upama dina panalungtikan diayakeun analisis *multivariate* jumlah data minimal 10 dikali jumlah variabel nu ditalungtik.

Lantaran data dina ieu panalungtikan teu dibagi kana sababaraha katégori ogé teu ngagunakeun analisis *multivariate*, ieu panalungtikan ngagunakeun saran nomer hiji ku kituna dina ieu panalungtikan aya 330 data kekecapan campur kode dina 128 vidio akun tiktok @situkangdahar_ (Mang Epul) période taun 2024, anu rata-rata durasi unggal vidiona tilu nepikeun ka tujuh menit. Sangkan leuwih jéntré bisa dititénan dina tabél 3.1 di handap.

Tabél 3.1 Sumber Data

NO	Judul Vidio	Waktu Diapungkeun	Durasi
1.	Xiyue winter	(01-01-2024)	02.57
2.	Bakso & Soto di Cimahi	(02-01-2024)	04.38
3.	Beli Ramén Gratis Minuman	(04-01-2024)	05.10
4.	Mie Kocok BPJS	(05-01-2024)	04.33
5.	Pentol & Odéng Pelopor di Lengkong	(08-01-2024)	04.08
6.	Cromboloni 35 Rasa	(10-01-2024)	05.05
7.	Seblak Kering Tangan Pertama	(11-01-2024)	03.02
8.	Seblak Mama Rafli	(11-01-2024)	07.02
9.	Masuk Sekte Baru	(12-01-2024)	03.38
10.	Sambal Bakar Gading	(13-01-2024)	04.31
11.	Pentol Banyu Langit Banjaran	(13-01-2024)	03.46

NO	Judul Vidio	Waktu Diapungkeun	Durasi
12.	Kue Ape	(14-01-2024)	02.12
13.	Sarapan Unik Éstétik di Kopitiam	(15-01-2024)	06.46
14.	Seblak Téh Mia Susah Move On	(16-01-2024)	05.05
15.	Grand Opening Bakso Indonesia Di Manonjaya	(17-01-2024)	05.08
16.	Nasi Mayor Nikmat Ngalimed	(18-01-2024)	06.30
17.	Yamin Legend Paling Énak Se – Bandung	(20-01-2024)	04.58
18.	Makan Sambil Healing Di Soréang View Sawah	(20-01-2024)	06.28
19.	Foodcourt Daarut Tauhid	(21-01-2024)	04.09
20.	Bakso Ciréng Garut	(22-01-2024)	06.04
21.	Makaroni Ala Amerika di Sumarecon Bandung	(23-01-2024)	02.59
22.	Mie Kocok Termurah Cuma 15.000	(24-01-2024)	04.08
23.	Ramén Dimsum Choic	(26-01-2024)	05.00
24.	Ngadem Sambil Ngebakso di Bakso Mawar Merona	(29-01-2024)	05.31
25.	Matak Kabita	(31-01-2024)	02.17
26.	Seblak Téh Sani Gempolsari	(31-01-2024)	04.00
27.	Seblak di Sukabumi Dikécapan	(01-02-2024)	04.52
28.	Bakso Malang	(02-02-2024)	04.37
29.	Pangsit Chili Keju Nyai Mercon	(03-02-2024)	02.19
30.	Telur Gulung Mang Deni	(03-02-2024)	01.36
31.	Makan Padang Pagi – Soré di Pinggir Pantai	(04-02-2024)	04.08
32.	Bakso Jaya Rasa Rancamulya	(05-02-2024)	05.18
33.	Pentol Tulang Rangu Kuah Mérah	(06-02-2024)	04.13
34.	Pempek Legend	(08-02-2024)	05.05
35.	Ngidam Lagi Risol Viral Bandung	(08-02-2024)	05.13
36.	Baso Tulang Iga Sanguan	(08-02-2024)	05.40
37.	Seblak Tampir Pantasan Ramé Banget	(10-02-2024)	06.38
38.	Jajanan Sampeu Alias Singkong	(11-02-2024)	04.12
39.	Cilok Viral Tasik Hadir di Kerkof Garut	(11-02-2024)	04.23
40.	Yang Pedas-Pedas di Braga	(12-02-2024)	03.38
41.	Seblak Téh Betty Ada di Cimahi	(13-02-2024)	06.04
42.	Bolu Pisang Legend	(13-02-2024)	02.31
43.	Baso Ikan Varian Baru	(14-02-2024)	05.36
44.	Oseng Mercon Iga Sapi	(16-02-2024)	02.16
45.	Bakso Bu Etu	(16-02-2024)	05.56

NO	Judul Vidio	Waktu Diapungkeun	Durasi
46.	Tjuankie Stasion Cabang Tasikmalaya	(19-02-2024)	05.40
47.	Bakso Pinggir Sawah Sambil Healing	(22-02-2024)	06.19
48.	Seblak Dekat Mertua Seblak Tiga Putri	(24-02-2024)	04.39
49.	Ayam Penyet 15 Rébu	(25-02-2024)	04.53
50.	Bakmi Ba'a Ciamis	(26-02-2024)	05.17
51.	Rékomendasi Mie Kocok di Margaasih	(27-02-2024)	04.35
52.	Ayam Bakakak Terénak	(28-02-2024)	05.23
53.	Bakso Parasmanan Sepuasnya	(01-03-2024)	04.45
54.	MilkBun Viral	(01-03-2024)	05.22
55.	Langganan Kalau ke Pangandaran	(03-03-2024)	05.22
56.	Makan 1 Ékor Ayam Richeese	(03-03-2024)	02.30
57.	Seblak Pilus Boba Mantap Pisan	(06-03-2024)	02.38
58.	Ampera Limbangan	(07-03-2024)	02.31
59.	Waroeng Sangu Diendogan	(07-03-2024)	05.44
60.	Cabang Baru Bébék Kalio Jumbo Palala	(08-03-2024)	05.15
61.	Bakso Tétélan Mantap di Tasikmalaya	(10-03-2024)	05.29
62.	Gohyong Ménténg Viral Bandung	(10-03-2024)	05.15
63.	Seblak Kering Basreng Seafood	(11-03-2024)	02.57
64.	Bébék Item Lembut Sambal Sepuasnya	(12-03-2024)	04.42
65.	Résto Sunda Nuansa Tradisional	(18-03-2024)	05.01
66.	Ayam Kalasan H. Kurdi	(22-03-2024)	04.32
67.	Mukbang Sambel Jeletot ½ Kilo	(03-04-2024)	03.57
68.	Réstoran Sunda Tradisional	(07-04-2024)	04.56
69.	Bakso Mang Ono	(11-04-2024)	04.27
70.	Seblak Téh Imas Limbangan	(14-04-2024)	04.03
71.	Mukbang Nu lalada	(20-04-2024)	02.24
72.	Bakso Khas Garut Ada di Bandung	(22-04-2024)	05.14
73.	Rujak Bebek	(25-04-2024)	03.14
74.	Bakso Mang Kikim	(01-05-2024)	04.56
75.	Seblak Teras Parasmanan di Purwakarta	(02-05-2024)	06.01
76.	Seblak Enak di Tarogong Ada Toping Kepala Ayam	(06-05-2024)	05.38
77.	Viral di Karawang Akhirnya Buka di Bandung	(07-05-2024)	04.46
78.	Sambal Hokcai Bikin Ngacai	(10-05-2024)	05.00
79.	Seblak Prasmanan Téh Loli	(14-05-2024)	05.11
80.	Bacica Garut	(16-05-2024)	05.39
81.	Bakso Luber Ujung Berung	(18-05-2024)	04.53
82.	Baso Aci Terbesar	(01-06-2024)	02.25

NO	Judul Vidio	Waktu Diapungkeun	Durasi
83.	Baso Aci Cikruh	(15-06-2024)	05.24
84.	Seblak Prasmanan BG Manonjaya Tasik	(19-07-2024)	05.05
85.	Jajaka UIN Bandung	(21-07-2024)	02.03
86.	Ciréng Nyi Mput	(25-07-2024)	04.38
87.	Seblak Prasmanan Di Sumedang	(30-07-2024)	05.22
88.	Seblak Prasmanan Di Sukamukti	(31-07-2024)	05.13
89.	Seblak Wates Prasmanan	(02-08-2024)	06.05
90.	Astro Cabang Baru	(04-08-2024)	03.50
91.	RM Vera Di Nagreg	(07-08-2024)	05.01
92.	Seblak Seafood	(08-08-2024)	06.06
93.	Seblak Kuah Sumsum	(23-09-2024)	04.53
94.	Nasi Timbel Sumur Bandung	(25-09-2024)	03.54
95.	CC Seblak DRD	(30-10-2024)	04.17
96.	Nyeblak Di Saung Géréngséng	(08-11-2024)	05.04
97.	Ciréng Prémium	(13-11-2024)	03.47
98.	Cuanki Téh Lisna	(16-11-2024)	04.24
99.	Ciréng Hamidun	(17-11-2024)	04.14
100.	Laksana	(29-11-2024)	06.43
101.	Seblak Lestari Sukamukti	(02-12-2024)	04.24
102.	Mukbang Lalapan	(05-12-2024)	03.13
103.	Saung Balaréa	(09-12-2024)	03.45
104.	Baso Balong Gedé	(13-12-2024)	03.42
105.	Bakso Tentrem	(14-12-2024)	03.21
106.	Mie Bakar Hotplate	(17-12-2024)	03.21
107.	Ayce	(18-12-2024)	04.09
108.	Telur Dadar Juara	(18-12-2024)	03.29
109.	Cireng Cipadung	(20-12-2024)	03.33
110.	Salad Buah 15 Rb	(20-12-2024)	03.14
111.	Pelopor Baso Parasmanan Garut	(20-12-2024)	04.56
112.	Bakso sedjahtera	(21-12-2024)	05.04
113.	Grand Opening Terheboh Seblak Yummy Yami	(22-12-2024)	03.44
114.	Bakso Legend Padasuka	(23-12-2024)	04.15
115.	Cirawang Simisdaseum	(23-12-2024)	03.16
116.	Ayam Bakakak Tulang Lunak di Cicalengka	(24-12-2024)	03.02
117.	Persiapan Tahun Baruan Ngegrill di Rumah	(24-12-2024)	03.55
118.	Seblak dengan Kearifan Korea	(25-12-2024)	02.50

NO	Judul Vidio	Waktu Diapungkeun	Durasi
119.	Saté Taichan	(25-12-2024)	03.46
120.	Rekomendasi Cake Ekonomis Bandung Punya	(25-12-2024)	03.27
121.	Nasi Timbel Parasmanan di Bandung	(26-12-2024)	03.28
122.	Résto Natarasa	(28-12-2024)	03.56
123.	Tempat Nongkrong Hommy Bandung	(28-12-2024)	03.23
124.	Seblak dengan Kearifan Korea part 2	(29-12-2024)	04.21
125.	Seblak dengan Kearifan Korea part 3	(29-12-2024)	03.12
126.	Sarapan Mewah Cuma 15K	(30-12-2024)	04.43
127.	Sop Buntut Bervariasi Tjap Tango	(30-12-2024)	03.42
128.	Cimol Bojot Aa	(31-12-2024)	03.39

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik regep catet, jeung téhnik transkripsi. Transkripsi nyaéta prosés ngaganti audio, vidio, atau catetan kana forma tinulis anu babari dipaké pikeun panalungtikan kualitatif (Eftekhari, 2024). Téhnik regep digunakeun pikeun ngaregepkeun téks nu dipilih bahan panalungtikan. Téhnik catet digunakeun pikeun nyatet hal-hal nu dianggap saluyu jeung ngarojong panalungtikan, téhnik catet mangrupa lajuning laku tina téhnik regep (Sudaryanto dina Hasanah, 2021). Ngumpulkeun data campur kode dina akun Tiktok Si tukang dahar (Mang Epul) kalawan léngkah-léngkah ieu di handap.

- Ngumpulkeun sumber data wangun audio visual dina akun Tiktok @situkangdahar_ (Mang Epul).
- Nongton vidio dina akun Tiktok @situkangdahar_ (Mang Epul) nu ngandung campur kode.
- Transkripsi vidio dina akun Tiktok @situkangdahar_ (Mang Epul).
- Mariksa jeung niténan data-data tina vidio akun Tiktok @situkangdahar_ (Mang Epul).
- Nyirian campur kode nu aya dina vidio akun Tiktok @situkangdahar_ (Mang Epul).
- Nyatet campur kode nu aya dina akun Tiktok @situkangdahar_ (Mang Epul) kana kartu data digital.
- Mindahkeun data campur kode nu aya dina kartu data digital kana tabél data.

3.4 Pakakas Panalungtikan

Arikunto (dina Saraswati, 2022, kc. 33) Pakakas panalungtikan nyaéta sarana anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan pagawéanana leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé, akurat, lengkep jeung sistematis.

Pakakas anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data digital. Dina unggal video Tiktok anu mibanda kecap atawa kalimah kaasup kana campur kode disalin kana kartu data digital, diébréhkeun kode sumber data, jeung deskripsi tina data nu kapanggih.

Tabél 3.2 Kartu Data Digital

Kartu Data Digital	
Kalimah:	(1/CPT/010124/W/P)
Wanda CK: CKkJ/CKkL/CKC	
Wujud CK: CKK, CKF, CKB, CKI, CKLA, CKKR	

Keterangan:

1 : Nomer Campur Kode
 CPT : Caption
 010124: (01) tanggal, (01) bulan, (24) taun diapungkeunna
 W : Waktu
 P : Palaku
 CK : Campur Kode
 CKkJ : Campur Kode ka Jero
 CKkL : Campur Kode ka Luar
 CKC : Campur Kode Campuran
 CKK : Campur Kode Kecap
 CKF : Campur Kode Frasa
 CKB : Campur Kode Baster
 CKI : Campur Kode Idiom
 CKLA : Campur Kode Klausa
 CKKR: Campur Kode Rajékan

Dumasar kana kartu digital, format analisis data disusun saperti ieu di handap.

Tabél 3.3 Papasingan Wanda Campur Kode

Nomer Data	Data Kalimah Campur kode	Unsur Campur kode		Wanda Campur kode	
		BI	BA	KJ	KL
(1)	Tuh tingali kudu nu lokal <i>pride</i> pokokna mah si xiyue mah asli nu orang Indonésia. (1/XW/010124/00.28/ME)		✓		✓
(2)	Dinginnya bikin happy cing bener teu dinginnya bikin happy nya. (2/XW/010124/00.57/ME)	✓	✓	✓	✓

Keterangan:

(01) : Nomer Data
 CPT : Caption
 010124 : (01) tanggal, (01)bulan, (24) taun diapungkeunna
 W : Waktu
 ME : Mang Epul
 BI : Basa Indonesia
 BA : Basa Asing
 KJ : Ka Jero
 KL : Ka Luar

Tabél 3.4 Papasingan Wujud Campur Kode

Nomer Data	Data Kalimah Campur Kode	Wujud Campur Kode					
		K	F	B	I	Kla	KR
(001)	Tuh tingali kudu nu lokal <i>pride</i> pokokna mah si xiyue mah asli nu orang Indonésia. (1/XW/010124/00.28/ME)	✓					
(002)	Dinginnya bikin happy cing bener teu dinginnya bikin happy nya. (2/XW/010124/00.57/ME)					✓	

Keterangan:

K : Kecap
 F : Frasa
 B : Baster
 I : Idiom
 KLA : Klausula
 KR : Kecap Rajékan

3.5 Téhnik Ngolah Data

Ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik analisis unsur langsung (*immediate constituent analysis*), nyaéta analisis nu niténan unsur-unsur basa anu langsung ngawangun unsur saluhureunana Hockett dina (Sudaryat, 2004). Anapon léngkah-léngkah anu dilaksanakeun di antarana:

- a. niténan deui data campur kode anu geus dikumpulkeun.
- b. nyieun papasingan data dumasar kana wanda, jeung wangun campur kode.
- c. nganalisis data campur kode nu aya dina akun Tiktok @situkangdahar_ (Mang Epul).